CCAB
Centre de Connaissances pour l'Agriculture Biologique et l'Agroécologie en Afrique

PCAO
Pôle de Connaissances pour l'Agriculture Biologique et l'Agroécologie en Afrique de l'Ouest



# Ndencin wu sell ñeel jiwu gerte ci di jëfandikoo sanqalu- Baylaa bu nu booleek niim





coopération allemande
DEUTSCHE ZUSAMMENARBEIT

Mise en œuvre par :
giz Deutsche Gesellschaft für Internationale Zusammenarbeit (GIZ) GmbH

En coopération avec :
enda pronat
FENAB
AGRECOL Afrique
CNOP Coordination Nationale des Organisations Paysannes
Songhaï L'AFRIQUE RELÈVE LA TÊTE ! AFRICA STANDS UP !
NOAN

© Environnement Développement Action pour la Protection Naturelle (ENDA Pronat), PCAO, 2026

Xam-xam bii dadi xam-xamu cosaan, bu nu dajale ciw gëstu, settantal ko ci teewaayu askan wépp te ay kàngam yu seen xam-xam màcc ci mbey muy su sell mucc-ayib (muy bàyyi xel ci wér gi yaramu doomu-aadama, ci kéew gi cig njub ak ci wattandiku) nangu ko ginnaaw bi nu bokkul ci gox bi ndajale mi amee.

**Turu ki gàddu xam-xam bi** : Jeewo Saane
**Departamaa /Dëkku-Teeru /dëkk-dëkkaan bi nu dajalee xam-xam bi :**
Tàmbaakundaa /Kusaanaar /Saare- Sàmburu

## ANAM BI NU KOY AMALE

Ndencinu jiwu yi ci di jëfandikoo ay pọ̇rọ̇diwi yu am posan dafa mës di indi ay jafe-jafe ndax seen tooke ak ay njeexital yu bon yi ňuy def ci saxug doom yi bu nu leen jiwe ba noppi. Ci noonu, yenni beykat daňu indi ay kuutlaay yu sell ngir aar jiwu yi ginnaaw bi ňu gọ̇obee ba noppi., ci di jë fandikoo gàncax yu mel ni sanqalu–Baylaa (Mesosphaerum suaveolens).



# NGËNÉEL YI BU SÉENTU CI JËFIN WI



**Ci wàllu koom-koom li,** amal jefin wi laajul genn njëg, teyit moo ëpp ngë néel ni ki njëndum pọ́rọ́diwi yu am posan yiy bawoo ci isin yi ;



**Ci wàllu xam- xamu mbey mi** dafay tax a mën a denc jiwu yi ci anam yu baax, kon nag caxtel gàncax gi bu baax ;



**Ci wàllu wér gi ak ci kéew gi,** dafay tax moytoo jëfandikoo pọ́rọ́diwi yu am posan yi, te bon ci wér gi yaramu doomu-aadama yeek ci kéew gi.

# NI JËFIN WI BINDỌ́O




Witt ay xobi sanqalu- Baylaa ak yu niim : Ngir denc 50 kilọ́y gerte, dafa laaj, ½ kilọ́y xobi sanqalu – Baylaa + ½ kilọ́y xobi niim) ;



Jaxase xob yi



Nokkas xob yi



Wowal xob yi nu nokkas yi ci biti ak cig ker (cig néegu ňax ci misaal) ci diiru 2 fan ;



Jaxase xob yi nu nokkas yi te wowal leen ak doomi gerte yi : Ci 10 kilọ́y gerte yu nekk, def ci ňaari ŋëbi sunguf si ba keroog saaku

bi di fees, Laltaay bu mujj bi (bi féeté kaw) dafa war a am sunguf laata nu koy tëj.



Denc njaxas moomu nu am cig néegu ňax

# NDÉNKAANE



Moytu witt yu bari yi ci genn garab te bàyyi xel ci di saxal xeeti gàncax yi nuy jëfandikoo di (niim ak sanqalu Baylaa)

**ENDA Pronat - Siège :**

54, RUE CARNOT – Immeuble Cheikh Hamidou Kane

Dakar Plateau - BP.33 70

**ENDA Pronat - Annexe**

Avenue Cheikh Anta Diop X Canal IV,

Complexe SICAP Point-E

Bâtiment B 3e étage

**Contacts :**

Téléphone : 33 889 34 39

Mail : pronat@endatiersmonde.org

Site web : https://endapronat.org/

**Réseaux de multiplicateurs : https://kcoa-africa.org/**

Notice de licence générique pour conditions d'utilisation

Intello +221 77 485 33 87